



# Pwogram Sante Adomisil

Pwogram Sante Adomisil Sun River Health la, yo konnen sou non CommunityHealth Care Collaborative (CCC), ede granmou ak timoun oryente yo pami maladi kwonik yo, tankou sante mantal oswa twoub ki gen rapò avèk konsomasyon sibstans, etan li mete ou ankontak avèk sèvis sipò medikal ak sosyal ou bezwen. Responsab Swen Sante Adomisil ou a pral ede kowòdone swen ou epi kreye yon plan swen pèsonalize pou atenn objektif sante ou yo epi viv pi bon lavi ou.

## Nan kisa Pwogram Sante Adomisil la kapab ede mwen?

- Dekouvri ki swen egzak ou bezwen epi kijan pou asirans kouvri li
- Pran epi fè sonje randevou medikal
- Kowòdone swen avèk doktè ou yo epi lòt sèvis sipò
- Ede ou jwenn epi konprann medikaman ou yo
- Konekte ou avèk sèvis swen sante
- Ede ou konprann depistaj ak tès sante prevantif yo
- Fè aranjman pou transpò nan randevou medikal
- Konekte ou avèk sèvis lojman, transpò, asistans manje ak sèvis sosyal
- Ede ou atenn objektif edikasyon ak karyè ou yo
- Asire l ke ou pwofite omaksimòm sa asirans sante ou a ofri

## Èske Pwogram Sante Adomisil la bon pou mwen?

Pwogram Sante Adomisil la se pou nenpòt moun ki genyen Medicaid epi k ap viv avèk de oswa plizyè maladi kwonik oswa yon maladi mantal ki grav. Pami egzanp yo nou kapab site dyabèt, maladi opresyon, maladi kè, twoub ki genyen rapò avèk konsomasyon sibstans, obezite, VIH/SIDA, oswa twomatis konplèks pou timoun.

## Kijan pou mwen kòmanse?

Pou kontakte ekip Sante Adomisil nou a, rele Liy Asistans Sante Adomisil la nan 888-980-8410. Nou kapab ede ou konnen si ou kalifye pou pwogram lan epi nou ka konekte w avèk yon Responsab Swen nan kominote w la.

Si ou enterese pou resevwa sèvis Sante Adomisil oswa ou ta renmen soumèt yon referans, tanpri ranpli fòm nou an sou entènèt sou:

<https://www.cognitofrms.com/CCCHealthHome/CCCCommunityReferral>

Ou kapab chwazi ki ajans kominotè ki pral founi ou sèvis jesyon swen sante adomisil ou a. Gade lis ajans patnè nou yo atravè Hudson Valley, Vil New York ak Long Island nan do dokiman sa a.

Swen ou bezwen an. Respè yo dwe ou a.

# Ajans Jesyon Swen Sante Adomisiil

Access: Supports for Living

AFEC Services, LLC.

Alliance for Positive Health

Angela's House

Association for Mental Health and Wellness

Blythedale Children's Hospital

Brightpoint Care

Central Nassau Guidance and  
Counseling Services

CHASI

Choice of New Rochelle

Columbia County Department of  
Human Services

Cornerstone Family Healthcare

CoveCare Center

EAC Network

Economic Opportunity Council of Suffolk

Family and Children's Association

Family Service League

Federation of Organizations

Greene County

Hudson Valley Community Services

Human Development Services Of Westchester

Jawonio

Long Island Federally Qualified  
Health Centers (LIFQHC)

Mental Health America of Dutchess

Mental Health Association of  
Columbia and Greene

Mental Health Association of Nassau

Mental Health Association of Rockland

Mental Health Association of Westchester

New Horizon Counseling Center

Open Door Family Medical Center

Options for Community Living

Pilgrim Psychiatric Center

Rehabilitation Support Services

Rockland Children's Psychiatric Center

Rockland Psychiatric Center

Sayville Project- Stony Brook University (SBU)

St. Dominic's Family Services

Suffolk County Department of Community  
Mental Hygiene

Sullivan County Department of Community  
Mental Health

The Guidance Center of Westchester

WellLife

Westchester Jewish Community Services

**Sun River Health** 



CommunityHealth  
Care Collaborative